ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№160 (23.568) ● 2017 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 23, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## Щ1ыналъэр щ1ымахуэм хуагъэхьэзыр

● Дыгъуасэ



**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Бэлэтокъуэ Владимир дыгъуасэ иригъэкIуэкIащ республикэм и псэупIэ-коммунальнэ IуэхущIапIэхэр щIымахуэм зэрыхуэхьэзырым щытепсэлъыхьа етIуанэ зэIущIэр.**

АБЫ къыщыпсэлъащ КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр **Къуныжь Вячеслав**, щIыпIэ администрацэхэм я лIыкIуэхэр, республикэр щIымахуэм зэрыхуагъэхьэзырым кIэлъыплъ комиссэм хэтхэр.

ЗэIущIэр зытеухуауэ щыта Iуэхур здынэсамрэ зэфIэгъэкIыпхъэмрэ тепсэлъыхьащ Къуныжьыр. Абы зэрыжиIамкIэ, республикэр щIымахуэм хуэхьэзырщ, ауэ гу зылъытапхъэ гуэрхэри щыIэщ.

- Правительствэм къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ едгъэкIуэкI лэжьыгъэр и кIэм нэсауэ жыпIэ хъунущ. Псалъэм папщIэ, псэупIэ унэхэм щытщIэнур дгъэзэщIащ процент 74-кIэ. Ар нэгъабэ иджы хуэдэ зэманым къэдгъэлъэгъуам нэхърэ проценти 128-кIэ нэхъыбэщ. Республикэм котельнэ 371-рэ щолажьэри, ахэри процент 74-кIэ хьэзырщ (2016 гъэм елъытауэ проценти 114-кIэ нэхъыбэщ). Зыхуей хуэдгъэзащ унэхэм хуабэр зэрекIуалIэ бжьамий километр 485-м щыщу километр 391-р, псыр зэрызекIуэ бжьамий километр 3860-м щыщу километр 3276-р. Апхуэдэу, мы гъэм гулъытэ щхьэхуэ хуэтщIащ псы фIейр зэрагъэкъэбзэж ухуэныгъэхэм - ди щIыналъэм апхуэдэ IуэхущIапIэ 19 итщи, процент 93-р къэдгъэщIэрэщIэжащ. ЕдгъэкIуэкIа лэжьыгъэм уриплъэжмэ, IуащхьэмахуэЮ Шэрэдж, Прохладнэ щIыналъэхэм къагъэлъэгъуа бжыгъэхэмкIэ ди гур зэгъакъым, абыхэм иджыри лэжьыгъэшхуэ къапэщылъщ, ауэ мыдрей щIыпIэхэр щIымахуэм проценти 100-кIэ хуэхьэзыру жыпIэ хъунущ, - къыхигъэщащ министрым.

Къуныжьым къриIуа щIыпIэхэм лэжьыгъэр къыщIыщызэтеувыIамкIэ абыхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэм еупщIащ Бэлэтокъуэр. КъулыкъущIэхэр зылъахъэм зыщигъэгъуэза нэужь, унафэщIым жиIащ лэжьыгъэр и чэзум и кIэм нагъэсын папщIэ Правительствэр зэрадэIэпыкъунур.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

● ГуфIэгъуэ зэхыхьэхэр



### УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Белавенцев Олег Урысей Федерацэм и Къэрал ныпым и махуэм и щIыхькIэ цIыхухэм зэрехъуэхъур

Си хэкуэгъу лъапIэхэ, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэухэ!

Си гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу гуфIэгъуэшхуэмкIэ - Урысей Федерацэм и Къэрал ныпым и махуэмкIэ!

Хужь-щIыху-плъыжьыфэ урысей ныпыр, зи тхыдэр Пётр Езанэм иригъэкIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм къыщежьэр, нобэ я дамыгъэщ ди Хэкум и лъэщагъымрэ ар зыми и унафэм зэрыщIэмытымрэ.

Ар я дамыгъэщ Урысейм и лIакъуэ куэдым я щIыхьым, абыхэм лэжьыгъэ IэнатIэми зэуапIэ губгъуэми къыщагъэлъэгъуа лIыхъужьыгъэм, щIэныгъэ, щэнхабзэ, спорт IэнатIэхэм щызыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэм.

Урысей къэралыгъуэм и лъабжьэмрэ абы лъэпкъ куэду зэхэт и цIыхубэм я зэкъуэтыныгъэмрэ я тхыдэм быдэу пыщIа ди лъэпкъ ныпым нобэ дызэрешалIэ, хэку лъагъуныгъэр, абы и блэкIам къытхилъхьэ гушхуэныгъэр зи джэлэс гурыщIэхэр къыдэбэкIыу.

Мы махуэшхуэм си гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу фыуэзыншэну, мамыру, фызэгурыIуэу, фи Iуэхухэр сыткIи зэIузэпэщу фыпсэуну, ди Хэкум и щIыхьыр нэхъри зыIэтын IуэхуфIхэр къывдэхъуну.

## И тхыдэм ухэзыгъэгъуазэ

**Урысей Федерацэм и Къэрал ныпым и махуэр 1994 гъэ лъандэрэ шыщхьэуIум и 22-м ягъэлъапIэ. Хабзэ дахэ яхуэхъуауэ, а махуэм ирихьэлIэу къэралым, республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ зэхыхьэ, гъэлъэгъуэныгъэ гъэщIэгъуэнхэр къыщызэрагъэпэщ. Налшык къалэми щрагъэкIуэкIащ Къэрал ныпым и махуэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр.**

МЭЛБАХЪУЭ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ къэрал библиотекэм къыщызэIуахащ «Символ великой державы» (День Государственного флага России) тхылъ гъэлъэгъуэныгъэ купщIафIэр.



Гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьа тхылъхэм, щIэнгъуазэхэм, журналхэмрэ газетхэмрэ къытехуа тхыгъэхэм ухагъэгъуазэ Урысей ныпым и тхыдэм, ди къэралымрэ цIыхухэмрэ я дежкIэ абы и мыхьэнэм. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, УФ-м и Президентым и деж щыIэ Геральдикэ советым и УнафэщI, къэрал герольдмейстер Вилинбахов Георгий и «Государственные символы России», «История Российского герба и флага», Макин С. О. и «О триколоре. И не только о нём», Голубевэ Татьянэ и «Государственная символика России», Соболевэ Надеждэ «Очерки истории российской символики: от тамги до символов государственного суверенитета» лэжьыгъэхэр.

Гъэлъэгъуэныгъэм халъхьащ плъыфищу (хужь, щIыху, плъыжь) зэхэлъ Къэрал ныпыр дамыгъэ нэхъыщхьэу зэрыщытым щыхьэт техъуэ дэфтэрхэр: УФ-м и Конституцэм и 70-нэ статьямрэ 2000 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м «Урысей Федерацэм и къэрал ныпым теухуауэ» къыдагъэкIа №1-ФКЗ Федеральнэ конституцэ законымрэ, ар хабзэм тету къызэрагъэсэбэпынум теухуахэр щIыгъужауэ.

Гъэлъэгъуэныгъэм къыщыхьа тхылъхэмрэ тхыгъэхэмрэ яхуэщхьэпэнущ курыт школхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ я егъэджакIуэхэм, Урысейм и Къэрал ныпым и махуэм теухуа классщIыб дерсхэр щIэблэм щыдрагъэкIуэкIкIэ. Шэч хэлъкъым еджакIуэхэмрэ студентхэмрэ я Хэкур фIыуэ ялъагъуу, блэкIар ялъытэу, тхыдэм щыгъуазэу къэхъунымкIэ а лэжьыгъэхэр сэбэп зэрыхъунум.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**



## Хэкупсэ гъэсэныгъэр къыщежьэр

**Урысейм и Къэрал ныпым и махуэр Бахъсэн щIыналъэми щагъэлъэпIащ. Къуажэхэм щрагъэкIуэкIа гуфIэгъуэ дауэдапщэхэм хагъэхьат спорт-нэгузыужь зэхыхьэхэр, акцэ зэмылIэужьыгъуэхэр.**

ХЬЭТIОХЪУЩЫКЪУЕЙ къуажэм щIалэгъуалэм щрагъэкIуэкIащ ныбжьыщIэхэм къэрал дамыгъэхэр щрагъэцIыху зэIущIэхэр. Ахэр къуажэм и уэрамхэм ирикIуащ бэракъ цIыкIухэр къахуэзэхэм хуагуэшурэ, къэрал ныпым мыхьэнэуэ иIэмрэ ар къызэрагъэсэбэп щIыкIэмрэ цIыхухэм яхутепсэлъыхьурэ.

Псыхъурей къуажэм дэсхэм а махуэм спорт зэхьэзэхуэ къызэрагъэпэщат. Къуажэкум хуэзэ стадионышхуэм щекIуэкIащ 1996 - 1999 гъэхэм къалъхуахэм мини-футболымкIэ я зэпеуэ.

«Мы махуэр ди къэралым зыгъэпсэхугъуэу зэрыщыщымытым емылъытауэ, хабзэ хъуауэ, ди районым щокIуэкI гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр. ЩIалэгъуалэм я тхыдэр егъэщIэжынырщ, я лIыхъужьхэр ягъэлъапIэу, я къэрал дамыгъэхэм пщIэ хуащIу егъэсэнырщ щIэблэм хэкупсэ гъэсэныгъэр яхэлъхьэныр къыщежьэр», - къыхигъэщащ и псалъэм Бахъсэн щIыналъэм и администрацэм и унафэщIым и япэ къуэдзэ Тохъутэмыщ Мухьэмэд, цIыхухэм защыхуигъазэм.

**УЛЫМБАЩ Лерэ,**
*Бахъсэн щIыналъэ администрацэм и пресс-IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ.*

## ХьэтIохъущокъуэм и хадэм

**Урысей Федерацэм и Къэрал ныпым и махуэр Налшык къалэм и щIалэгъуалэм гукъинэжу зэдагъэлъэпIащ. Къалэн куэд зыгъэзащIэ щIалэгъуалэ центрымрэ къэрэшей-балъкъэр щIалэгъуалэм зегъэужьынымкIэ «Эльбрусоид» фондымрэ ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм ит «Шей ефапIэ унэм» и гупэ утыкум къыщызэрагъэпэщащ Къэрал ныпым и махуэм теухуа зэхыхьэ гъэщIэгъуэн.**

АР УРЫСЕЙМ и гимнымкIэ ирагъэжьащ. КърихьэлIа щIалэгъуалэр хагъэгъуэзащ Къэрал ныпым и махуэр 1994 гъэм къызэращтам, абы и тхыдэм, XIX лэщIыгъуэм щыщIэдзауэ ныпыр, гербыр, гимныр къыгуэхыпIэ имыIэу зэпхауэ къызэрыгъуэгурыкIуэм.

Махуэшхуэм теухуауэ ягъэхьэзыра упщIэхэм жэуап иратын папщIэ, щIалэгъуалэм гуп-гупу загуэшри, зэхьэзэхуащ. ЩIэблэм Iэмал яIащ Къэрал ныпым, гербым, гимным теухуауэ ябгъэдэлъ щIэныгъэр ягъэнэIуэну, зыщымыгъуазэ щIэ куэд къащIэну. КъыхэжанықIахэр ягъэлъэпIа нэужь, Къэрал ныпыр яIыгъыу, ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм и лъэс лъагъуэм ирикIуащ.

**БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.**



## Гукъыдэжым хегъахъуэ

**Налшык къалэ администрацэм щэнхабзэмкIэ и управленэм концерт къызэригъэпэщащ Урысейм и Къэрал ныпым и махуэм и щIыхькIэ.**

КЪАЛЭМ и зыгъэпсэхупIэ паркым и эстрадно-духовой оркестрым, республикэм и уэрэджыIакIуэхэмрэ къэфакIуэхэмрэ сыхьэт 18-м нэгузыужь концерт гукъинэж щатащ Къэбэрдей уэрамым и лъэс зекIуапIэм. Абы зыкъырагъэхьэлIащ налшыкдэсхэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ.

Налшык къалэ администрацэм щэнхабзэмкIэ и управленэм и лэжьакIуэхэм зэхуэсахэм нып цIыкIухэр, ныпыр зэрызэхэлъ плъыфищым хуэдэу зэгуэлъ лентIхэр хуагуэшащ. Махуэшхуэр Iэтауэ зэрагъэлъэпIам цIыхухэм я гукъыдэжым хигъэхъуарэ я нэгу зиужьауэ зэбгрыкIыжащ.

**АРЩЫДАН Дахэнагъуэ.**

## ЯпэщIыкIэ дэнлъэч ягуэш

**Налшык къали дыгъуасэ щагъэлъэпIащ Къэрал ныпым и махуэр. А Iуэхугъуэм хэтыну къызэхуэсат Налшык къалэ и щIалэгъуалэ советым, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и къудамэм хэтхэмрэ КъБКъУ-м щеджэхэмрэ. Ахэр Лениным и цIэр зезыхьэ уэрамым ирикIуащ, Урысей ныпым ещхь дэнлъэчхэр къалэдэсхэм хуагуэшу.**

НАЛШЫК къалэ администрацэм Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ политикэ партхэмрэ ядэлажьэ и къудамэм и унафэщI Быж ФатIимэ жиIащ, республикэм и щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я жэрдэмкIэ, Урысей ныпым и махуэр Налшык къалэ илъэс къэс зэрыщагъэлъапIэр:

- ЩIалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэн папщIэ, мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэр сэбэпщ. Хабзэ зэрытхуэхъуащи, мы махуэр дэнлъэч гуэшынымкIэ къыщIыдодзэ, ауэ абы дауэдапщэ, зэIущIэ зыбжанэ къыкIэлъокIуэ, концертхэр идогъэкIуэкI, - жиIащ Быжым.

**ТАМБИЙ Гуащэмахуэ.**

## ПIалъэхэм къотIасэ

● Гъавэ-2017

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и губгъуэхэм нартыху гъавапхъэр Iухыжын щыщIадзащ. Мы гъэм абы гектар 153033-рэ хухахащ. Ар нэгъабэрей бжыгъэм гектар 24035-кIэ щIегъу.**



ХАДЭХЭКIЫУ тонн мини 114-м щIигъу кърахьэлIэжащ. Гектарым ику иту центнери 139-рэ е гъэ кIуам елъытауэ проценти 111,2-кIэ нэхъыбэ къытокI.

КIэртIофу тонн мин 75-м щIигъу къатIыжащ. Дэтхэнэ гектарми ику иту центнер 231-рэ къарет. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм зэрыхъуам процент 37-кIэ щIегъу.

ЕтIуанэ хэгъуэмрэ хадэхэкIхэр къехьэлIэжынымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм еужьэрэкIыу икIи агротехникэм и пIалъэхэм къитIасэу щрагъэкIуэкI.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

● Къэрал IуэхущIапIэхэм

## Iэмал ягъуэтынущ

**Республикэм и предприятэхэр Промышленностым и къэрал хъыбарегъащIэ системэм (ГИСП) щызэкIэлъыхьыным теухуа лэжьыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щокIуэкI.**

ПРОМЫШЛЕННЭ политикэр жыджэру пхызыгъэкIыну къалъытэ хъыбархэр зэрызэхуахьэс, абыхэм зэрелэжь щIыкIэр зэкIэлъигъэкIуэн мурадкIэ, Урысейм Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэм ГИСП системэр къигупсысащ.

Мы системэм зыщезыгъэтх промышленнэ предприятэхэм къэрал дэIэпыкъуныгъэр зыхуэдэм, зыхуэфащэ зэпеуэхэр щрагъэкIуэкIыну пIалъэхэм ятеухуа зыхуей хъыбархэр яIэрыхьэнущ, я IэдакъэщIэкIхэр ягъэлъэгъуэну, абыхэм я технологие щхьэхуэныгъэхэмрэ я маркетинг ефIэкIыныгъэхэмрэ хэIущIыIу ящIыну Iэмал ягъуэтынущ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## НОБЭ

♦**Урысейм и дзэ щIыхьым и махуэщ** - 1943 гъэм СССР-м и Дзэ Плъыжьым Курск и деж нэмыцэ-фашистыдзэр щызэтрикъутащ.

♦**Гъэрхэмк1э сату щIыным хэкIуэдахэм я фэеплъыр щагъэлъапIэ дунейпсо махуэщ**

♦**Белоруссием щагъэлъапIэ Къэрал статистикэм и лэжьакIуэхэм я махуэр**

♦**Украинэм и Къэрал ныпым и махуэщ**

♦**1382 гъэм** Урысейм артиллерие дзэхэр къыщызэрагъэпэщащ. Ар япэу къагъэсэбэпащ Тохъутэмыщ хъаныр Мэзкуу щытеуам щыгъуэ.

♦**1924 гъэм** Франджым къыщызэрагъэпэщащ «Монако» футбол клубыр.

♦**1935 гъэм** СССР-м и ЦIыхубэ комиссархэм я советымрэ Компартым и ЦК-мрэ унафэ къащтащ Кремлым и чэщанэхэм щхьитI зыфIэт бгъэхэр къытехауэ вагъуэ къуапитхухэр тегъэувэным теухуауэ. Абы пIалъэ пыухыкIаи хуагъэуват - щэкIуэгъуэм и 7-м ирихьэлIэу а лэжьыгъэр зэфIэкIауэ щытын хуейт.

♦**1939 гъэм** Iэ традзащ тхыдэм Молотовымрэ Рибентропрэ я зэгурыIуэныгъэ цIэр иIэу хыхьам. Абы къыщыгъэлъэгъуат Совет Союзымрэ Германиемрэ зыр адрейм темыуэным хуэунэтIауэ къалэн зыщащIыжхэр.

♦**1942 гъэм** нэмыцэ кхъухьлъатэхэм Сталинград «лагъым уэшх» щрагъэшхащ. Абдеж къыщежьащ къалэр бийм щыхъумэным хуэунэтIа зауэшхуэр.

♦**1943 гъэм** советыдзэхэм Харьков къалэр нэмыцэ-фашистыдзэхэм къыIэщIагъэкIыжащ.

♦**1955 гъэм** Череповец лажьэу щаутIыпщащ гъущI щагъавэ заводышхуэ.

♦**1959 гъэм** США-м и Правительствэм унафэ ищIащ я къэралым и курыт школ 400-м урысыбзэр щаджыным теухуауэ.

♦**1975 гъэм** Харьков метром лэжьэн щыщIидзащ.

♦**1990 гъэм** Армян ССР-м и Совет Нэхъыщхьэм унафэ къищтащ СССР-м къызэрыхэкIыжым, езыр къэралыгъуэ щхьэхуэу зэрыщытым теухуауэ.

♦**1991 гъэм** Ельцин Борис къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ КПСС-м и лэжьыгъэмрэ «Правда» газетыр къыдэгъэкIынымрэ къэралым къыщызэтрагъэувыIащ.

♦**1992 гъэм** ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академиер къызэрагъэпэщащ.

♦Урыс тхакIуэшхуэ **Грин Александр** (и цIэ-унэцIэ дыдэр **Гриневский Александрщ**) къызэралъхурэ илъэси 137-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Шортэн Даниткэ** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Пшынауэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артист, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ХьэпащIэ Заудин** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Уэчыл цIэрыIуэ, юридическэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Кучеренэ Анатолий** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

♦Урысей уэрэджыIакIуэ, Урысейм щIыхь зиIэ и артисткэ **Апинэ Алёнэ** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 28-рэ, жэщым градус 18 - 20 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

## Ди къуэш республикэхэм

### Псапэ зыпылъ Iуэху

АБХЪАЗ. ***Республикэм щаублащ «Киараз» псапащIэ жылагъуэ организацэм илъэс къэс къызэригъэпэщ «Счастливое 1 сентября» Iуэхур. Ар фокIадэм и 15 пщIондэ екIуэкIынущ.***

«КИАРАЗ»-м и гъэзэщIакIуэ унафэщI Каммэ Гопие зэрыжиIамкIэ, Сыхъум дэт «Бегемотик», «Канцелярия» тыкуэнхэм, хабзэ зэрыхъуауэ, щагъэувынущ зэрытхэн-зэреджэн хьэпшыпхэр щызэхуахьэсыну пхъуантэхэр. Гупыж зыщI дэтхэнэми абыхэм иралъхьэ хъунущ унагъуэ хуэмыщIахэм я сабийхэм Iэрагъэхьэн папщIэ ягу пыкI зыгуэрхэр.

Нэгъабэ апхуэдэ Iуэху щхьэпэм и фIыгъэкIэ школ хьэпшыпхэмкIэ къызэрагъэпэщащ сабий 300-м нэблагъэ. Мы гъэм ар нэхъыбэ хъуну щогугъ. «ДыхущIэкъунущ а Iуэхум район псори къызэщIедгъэубыдэным», - дыщIигъуащ Гопие.

### Нэхей Даут и музей

АДЫГЕЙ. ***Совет Союзым и ЛIыхъужь Нэхей Даут и музей ар къыщыхъуа ВыкIэпщей къуажэм къыщызэIуахащ ар къызэралъхурэ илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу.***

НЭХЕЙ Даут Дзэ Плъыжьым и майору щытащ. Ар фронтым къыщыхутащ Хэку зауэшхуэм щыщIидза дыдэм - 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 24-м. Даут щызэуащ Ищхъэрэ, Волховскэ, Центральнэ, Брянскэ, 1-нэ Белорусскэ фронтхэм. Ар уIэгъэ хъуат тхуэнейрэ, итIанэми зэуапIэм игъэзэжырт. Нэхей Даут цIэрыIуэ ищIащ 1945 гъэм щIышылэм Вислэ псым и къухьэпIэ Iуфэм къыщызэригъэпэща егбъэрыкIуэныгъэм, абы щыгъуэ батальоным фашист 200 яукIащ, пушкэ хьэлъэу 2, пулемёти 10 зыIэрагъэхьащ, гъэру къащтащ сэлэтрэ офицеру 30.

Даут и музейр къыщызэIуахым яхэтащ ветеранхэр, муниципалитетым и унафэщIхэр, интеллигенцэр, щIалэгъуалэр, ЛIыхъужьым и къуэ Нэхей Юрий, музейм архив дэфтэрхэр, усэ зимыIэ сурэтхэр езытар.

Къыхэдгъэщынщи, музейр къыщызэIуаха школыр Даут щеджарщ, уеблэмэ, зауэм и пэкIэ абы щылэжьащ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**ЗыIэщIэкIым хощIри, зыIэщIыхьэм хохъуэ.**

# ГъащIэ насыпым щыщ Iыхьэ

● Щапхъэ



Емуз Нинэ

**Хэкум, щалъхуа щIыналъэм ехъулIэныгъэ къахуэхьыным зи щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ, гурылъ къабзэхэмрэ жыджэрагъымрэ хьэлэлу хуэзыгъэлажьэ цIыхухэр ди лъэпкъым и мащIэкъым. Тхьэр къызэрыхуэупсауэ бгъэдэлъ зэчийм и лъэныкъуэщIэхэр къызэкъуэзых, дзыхь къыхуащI дэтхэнэ IэнатIэри езыгъэфIакIуэ апхуэдэ цIыху гуащIафIэхэм ящыщщ Емуз Гъузер ипхъу Нинэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр, педагогикэ щIэныгъэхэм я доктор Емузым и акъылым и жанагъыр, зэхэщIыкI куур, псэ къулеягъыр дапщэщи зыхуэунэтIар къызыхэкIа лъэпкъым къыщIэхъуэ щIэблэм нэхъри зегъэужьынырщ, хуэфащэ гъэсэныгъэ екIурэ щIэныгъэ куурэ етынырщ.**

ЕМУЗЫР къыщалъхуащ икIи къыщыхъуащ щIэныгъэм, егъэджэныгъэм, лъэпкъ щэнхабзэм пщIэ щиIэ унагъуэм. Республикэм щыцIэрыIуэ журналист Iэзэу и гъащIэр ирихьэкIащ бынунагъуэм я нэхъыжь, хъыджэбзиплIым я адэ Гъузер. Быным я анэ гумащIэт егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм зэфIэкI лъагэхэр къыщызыгъэлъэгъуа Александрэ.

- Си сабиигъуэр - ар дыгъэ нуркIэ гъэнщIауэ си гъащIэм хэт зы Iыхьэшхуэщ. Апхуэдэу ар тхуащIащ ди нэхъыжьыфIхэм. Хэхъуэшхуэ ямыIэми (журналистымрэ егъэджакIуэмрэ улахуэшхуэ къахьрэт!), ди адэ-анэм яхузэфIэкIащ зыхуей дыхуагъэзэу дапIын, адыгэ хабзэм и жыпхъэхэм изагъэ лъэпкъ гъэсэныгъэ къытхалъхьэн. ЗэшыпхъуиплIыми - Мадини, сэри, Инни, Светлани - псоми IэщIагъэ, щIэныгъэ дагъэгъуэтащ, гъащIэм лъэ быдэкIэ дыхагъэуващ, - жеIэ Нинэ. - Ди сабиигъуэр щызу, насыпрэ гуфIэгъуэкIэ гъэнщIауэ ирыдагъэхьэкIащ абыхэм. Зэрыбыным тщыщу хэт сыт хуэдэ лъагапIэ нэсами, сыт хуэдэ ехъулIэныгъэ иIэми, псом япэ ар зи фIыщIэр ди адэанэращ.

ГъащIэм щекIуэкI къэхъукъащIэ псори и щIэщыгъуэу, дэтхэнэ зы Iуэхуми жыджэру хэту къэтэджащ Нинэ. Школым фIы дыдэу зэрыщеджэм къыдэкIуэу, абы къызыхуэтыншэу игъэзащIэрт а лъэхъэнэм бжьыпэр зыIыгъыу икIи жылагъуэм мыхьэнэшхуэ щызиIэу щыта зэгухьэныгъэм - пионер дружинэм - и пашэ къалэныр. Емузыр зыхэмыта пионер слётрэ зэпеуэрэ щымыIами ярейщ, ар ди щIыналъэрауи нэгъуэщI щIыпIэуи ирехъу. Нэхъ балигъ хъури, комсомол лэжьыгъэми кууэ хэтащ.

Курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, 1975 гъэм Нинэ щIэтIысхьащ КъБКъУ-м и тхыдэфилологие факультетым урысыбзэмрэ литературэмрэ щадж и къудамэм. Школ илъэсхэм зыхыхьа комсомол лэжьыгъэм абы щыпищащ зи студент хъуа университетми. Емузым игу къызэригъэкIыжымкIэ, и пщэрылъ жылагъуэ къалэнхэмрэ егъэджэныгъэмрэ зэи зэпэщIигъэувакъым, уеблэмэ зым адрейм нэхъри тригъэгушхуэу ирихьэкIащ. Еджэным щиIэ ехъулIэныгъэхэр къалъытэри, 2-нэ курсым къыщыщIэдзауэ Нинэ кърату хуежьащ Ленинымрэ и цIэкIэ ягъэувауэ щыIа стипендиер. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ, IэщIагъэ зэгъэгъуэтыныр абы и дежкIэ къалэн къудейуэ аратэкъым, атIэ ар икъукIэ фIэгъэщIэгъуэн Iуэхугъуэт. АбыкIэ ныбжьыщIэм щапхъэ хуэхъурт университетым щезыгъэджа цIыху щыпкъэхэу, щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъхэу Сокъур Мусэрбий, Медалы Хьэчим, КIуэкIуэ Жэмалдин, Иуаныкъуэ Нурбий, Башиев Хъусен, Щэрдан Iэбу сымэ, нэгъуэщIхэри. Гупым и дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэт я куратор Башиевэ Светланэ къахуищI гулъытэмрэ ущиехэмрэ.

ФIыуэ илъагъу IэщIагъэмкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэзыгъэгъуэта бзылъхугъэ цIыкIум еджэныр къызэриухыу, ар комсомолым и Налшык къалэ комитетым, Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш институтым и комсомол зэгухьэныгъэм и пашэу, иужькIэ комсомолым и республикэ комитетым и секретару лэжьащ. 1983 гъэм ар КъБКъУ-м лэжьакIуэ ирагъэблэгъащ. Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм зэфIэкI къыщигъэлъагъуэу пэрытащ ар, егъэджакIуэу къыщIидзэри, кафедрэм и унафэщI, профессор къулыкъухэм нэсащ. ЩIэныгъэм хуэнэхъуеиншэ Емузым 1991 гъэм Кавказ Ищхъэрэм и социально-политикэ институтыр, 1999 гъэм Ростов къэрал университетыр къиухащ. Апхуэдиз къалэнхэм къадэкIуэу, абы сыт щыгъуи щIэныгъэ-къэхутэныгъэхэр иригъэкIуэкIащ. А лэжьыгъэхэм Нинэ дезыгъэхьэхауэ щытар лъэпкъ еджагъэшхуэ ШэджыхьэщIэ Мариет. Урысыбзэр курыт школхэм зэрыщегъэджыпхъэ методикэщIэр хуабжьу зыфIэхьэлэмэт егъэджакIуэ ныбжьыщIэм къищтат Марие и бзэ щIэныпхъэ методикэр, арат зытеухуар и япэ къэхутэныгъэхэри.

ИригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр къыщызэщIикъуэж и кандидат диссертацэр Емузым 1994 гъэм Адыгей къэрал университетым ехъулIэныгъэкIэ щыпхигъэкIащ. Илъэси 7 дэкIри, абы утыку кърихьащ щытхъу куэд зиIа и доктор лэжьыгъэр. Санкт-Петербург къэрал университетым психологиемкIэ и факультетым щыпхигъэкIа а диссертацэми мыхьэнэшхуэ щиIащ щIэныгъэ дунейм.

Сыт хуэдэ IэнатIэ иримыхьэкIми, Нинэ дапщэщи япыщIащ ныбжьыщIэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ, школхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ. Гъэсэныгъэ, егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэм яIэ щытыкIэм гъунэгъу дыдэ япэу хуэхъуауэ щытащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм щрагъэблэгъа зэманым. Абы фIыуэ къыгуроIуэ щIэблэр гъэсэн, щIэныгъэ егъэгъуэтын и лъэныкъуэкIэ школ егъэджакIуэм куэд дыдэ зэрелъытар.

- ЕгъэджакIуэр - ар цIыхупсэм, сабиипсэм зегъэузэщIыным хуэлажьэ IэщIагъэлIщ. Абы езым и зэфIэкIым, гу къабзагъэм, бгъэдэлъ щIэныгъэмрэ ар и гъэсэнхэм зэрабгъэдилъхьэфымрэ къыгуэхыпIэ имыIэу пыщIащ ныбжьыщIэхэм я къэкIуэнур зэрыхъунур, - жеIэ Емузым. - ЕгъэджакIуэм сабийр ириудыхыфынущ, зэи зыкъыхуэмыIэтыжыфын хуэдэу. Апхуэдабзэуи лIыхъужь ищIыфынущ. Абы къыхэкIыу а IэнатIэм пэрытын хуейр абы къыхуалъхуахэращ, нэгъуэщIхэр абы Iузэгъэхэркъым.

2005 - 2013 гъэхэм Емузыр щылэжьащ ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ институтым. А зэманым къриубыдэу институтым лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ школхэм, гъэсапIэхэм иджырей пщалъэхэм изагъэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ щекIуэкIыным хуэунэтIауэ, информатизацэмрэ технологиещIэхэмрэ я лIэщIыгъуэм щIэ куэд а IэнатIэм зэрыхилъхьар и лъабжьэу. А псори егъэджакIуэхэм, гъэсакIуэхэм я деж нэхьэсыныр институтым и къалэн нэхъыщхьэхэм яхилъытэу, IэнатIэр ныкъусаныгъэншэу, щытхъу иIэу ирихьэкIащ лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэм.

ИЛЪЭС 15-м щIигъуауэ егъэджэныгъэ IэнатIэм хэт къэпщытэныгъэ Iэмал нэхъыщхьэр - Зыуэ щыт къэрал экзаменыр (ЕГЭ) - ди республикэм нобэ зэпэщу, хабзэр къызэпамыуду зэрыщэкIуэкIым и фIыщIэ куэд хэлъщ Емуз Нинэ. Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр къулыкъур иужьрей илъэси 4-м езыхьэкIыр Емузырщ. УнафэщI щыпкъэм и нэIэм ткIийуэ щIигъэтщ IэнатIэм щекIуэкI дэтхэнэ лэжьыгъэри, хуэнабдзэгубдзаплъэщ егъэджакIуэхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ, лэжьыгъэ псори зыхуэунэтIыжа еджакIуэхэм. Министрым и Iуэху зехьэкIэ екIум къихьа ехъулIэныгъэхэм ящыщщ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IуэхущIапIэщIэхэр ди щIыналъэм зы илъэси къэмынэу къызэрыщызэIуахыр, щIэблэм ират щIэныгъэм и фIагъым хэпщIыкIыу зэрыхэхъуар. Къапщтэмэ, школакIуэхэм я мыгъэрей щIыналъэпсо, къэралпсо зэпеуэхэм увыпIэфIхэр къыщахьащ ди еджакIуэхэм, апхуэдэу ди мащIэкъым къэпщытэныгъэхэмкIэ балли 100 зыхуагъэфэщахэри. Дауи, а ехъулIэныгъэ лъагэхэм я щIыбагъ къыдэлъщ IэнатIэм и унафэщIым и деж къыщыщIэдзауэ еджакIуэм, абы и адэ-анэм я деж щиухыжу дэтхэнэми и лэжьыгъэшхуэ.

УнафэщI щыпкъэр, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэр, зэхэщIыкI куу зыбгъэдэлъ цIыху зэпIэзэрытыр щIэх-щIэхыурэ ирагъэблагъэ къэралпсо мыхьэнэ зиIэ щIэныгъэ зэхуэсхэм. Абыхэм я утыку Емузым къыщеIуатэ щIыналъэ егъэджэныгъэм и зыужьыныгъэм ехьэлIа и гупсысэхэр. Нинэ и тхыгъэхэр къытохуэ щIэныгъэ журнал цIэрыIуэхэм. Псори зэхэту къапщтэмэ, Емузым и къалэмыпэм къыпыкIащ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэу 70-м щIигъу. Абыхэм яхэтщ монографие щхьэхуэхэри. Емузыр ядолажьэ аспирантхэм, абы и нэIэм щIэту гъэхьэзыра хъуащ щIэныгъэхэм я кандидатхэр. Апхуэдэ и лэжьыгъэфIхэр къалъытэри, 2001 гъэм Емузым кърататщ «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» къэрал дамыгъэм и 2-нэ нагъыщэр, ар УФ-м и щIалэгъуалэ политикэ IэнатIэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ. Апхуэдэу абы мызэмытIэу къыхуагъэфэщащ нэгъуэщI къэрал дамыгъэхэр, щытхъу, фIыщIэ тхылъхэр.

Зыпэрыт IэнатIэр и гъащIэ насыпым щыщ Iыхьэу къэзылъытэ, къызыхуэтыншэу игъэзащIэ лэжьыгъэм къарикIуэ ехъулIэныгъэхэм псэкIэ ин ирихъу Емуз Нинэ Гъузер и пхъум хуэдэхэращ ди лъэпкъым, фIыуэ тлъагъу ди щIыналъэм я цIэр фIыкIэ зыгъэIур. Апхуэдэхэм я гъащIэр, дуней еплъыкIэр щIэблэм дапщэщи щапхъэ яхуохъу. ЦIыху щыпкъэм, хэкупсэ нэсым дохъуэхъу гъащIэм и фIыгъуэхэм щымыщIэу, и гумрэ и псэмрэ зызыдаузэщI гурыщIэхэмрэ мурадхэмрэ и куэду псэуну.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

● Гу зылъытапхъэ

# ЗэпеуэкIэ къыхах

**КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм хъыбар фегъащIэ УФ-м и цIыхубэ хозяйствэм Iуэхухэр зезыхьэну лэжьакIуэхэр хуэгъэхьэзырынымкIэ Къэрал планыр щагъэзэщIэну пIалъэр (Президент программэ) 2020 гъэ пщIондэ зэрагъэIэпхъуэмкIэ икIи программэ псомкIи 2017 - 2018 гъэхэм ирагъэджэну IэщIагъэлIхэр зэпеуэкIэ къызэрыхахымкIэ.**

ПРОГРАММЭМ къыщыгъэлъэгъуащ **А** лIэужьыгъуэм тету социальнэ IэнатIэм (егъэджэныгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымрэ) менеджментым, IэщIагъэм хуегъэджэнымкIэ курсыр (сыхьэт 550-кIэ), **А**, **В** лIэужьыгъуэхэмкIэ (хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэ, маркетинг, финансхэр) менеджментым и курсым сыхьэти 120-кIэ IэщIагъэщIэхэр ирагъэгъуэтыным щыхухахыныр.

Программэр ягъэзащIэ федеральнэ бюджетым (процент 42-рэ), Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым (процент 24-рэ), зыгъакIуэ IуэхущIапIэм е езы IэщIагъэлIым (процент 34-рэ) я хьэкъкIэ.

**Зэпеуэм хэтынухэм хуагъэувхэр**:

● и ныбжьыр илъэс 40 иримыкъуауэ щытын (апхуэдэхэр нэхъ къащтэ);

● щIэныгъэ нэхъыщхьэ иIэн;

● псори зэхэту и лэжьыгъэ стажыр илъэси 5 нэхърэ мынэхъ мащIэу щытын;

● Iуэхухэр зехьэным егъэщIылIа лэжьыгъэм илъэси 3 нэхърэ мынэхъ мащIэкIэ пэрытауэ щытын (хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэ мащIэмрэ курытымрэ я IэщIагъэлIхэм (менеджерхэм) я деж илъэси 2 нэхърэ мынэхъ мащIэу);

● хамэ къэралыбзэ ищIэн (къеджэфмэ, псалъалъэхэр къигъэсэбэпурэ зэридзэкIыфмэ ирикъунущ).

**Тхылъхэр Iах 2017 гъэм шыщхьэуIум и 21-м щегъэжьауэ фокIадэм и 15-м нэсыху**.

Ирагъэджэнухэр къыхэзыхыр Iуэхухэр зезыхьэну лэжьакIуэхэр гъэхьэзырынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ комиссэм и деж щыIэ конкурс комиссэрщ.

Зэпеуэм хэтыну хуей псоми зыхуагъэзэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ комиссэм икIи псори къыщыжраIэнущ КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэ Къэрэщей Элеонорэ деж мы телефонымкIэ 8 (8662) 40-97-04 псалъэмэ.

**Фигу къыдогъэкIыж**:

УФ-м и цIыхубэ хозяйствэм папщIэ Iуэхухэр зезыхьэну лэжьакIуэхэр гъэхьэзырынымкIэ Программэр 1998 гъэ лъандэрэ ди къэралым щагъэзащIэ «УФ-м и цIыхубэ хозяйствэм папщIэ Iуэхухэр зезыхьэну лэжьакIуэхэр гъэхьэзырыным теухуауэ» 1997 гъэм бадзэуэгъуэм и 23-м УФ-м и Президентым къыдигъэкIа Указ №774-м тету. Программэр УФ-м и Правительствэм 2007 гъэм гъатхэпэм и 24-м, къыдигъэкIа унафэ №177-мрэ КъБР-м и Правительствэм 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м къыдигъэкIа унафэ №166-ПП-мкIэ щIэгъэбыда Къэрал планщ.

**ФщIэн папщIэ**: Къэрал планым ипкъ иткIэ 2017 гъэм ирихьэлIэу IэщIагъэщIэ зрагъэгъуэтащ, я IэщIагъэм хагъэхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщу цIыху 325-м.

Курсхэр къэзыухахэм ящыщу 60-м нэблагъэм лэжьыгъэм зыщыхуагъэсащ Германием, Италием, Франджым, Испанием, Данием, Нидерландхэм, США-м, Алыджым, Финляндием, Норвегием, Японием.

КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэр Къэбэрдей-Балъкъэрым Къэрал планыр щыгъэзэщIэнымкIэ и уполномоченнэщ.

**КЪЭРЭШЕЙ Элеонорэ.**

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

**АдыгэлIрэ адыгэшрэ.**
*Сурэтыр XIX лIэщIыгъуэм и 20 гъэхэм ящIащ.*





1954 гъэ



2015 гъэ

● Жыжьэ - гъунэгъу

# ХэкулI Жылэ Хъусен

**Ар тхьэмадэ бжьыфIэщ, зэпIэзэрытщ, гуащIэшхуэ къызыпкърыкI нэхъыжь Iумахуэщ. ГъащIэм къыхихауэ акъыл жанрэ гупсысэ узыншэрэ иIэщ, цIыхугъэ лъагэр, хабзэм и лъапIэныгъэхэр игъэнэхъапэу къогъуэгурыкIуэ. Шэрэджыжь и куэщIым ирапIыкIа, илъэс 87-рэ зи ныбжь Жылэ Хъусен Хьэту и къуэр жэмтхьэлэдэсхэм зэрацIыхур зы щыпкъэм ит, хьэл-щэн дахэрэ нэмысышхуэрэ зыхэлъ, зи щхьэм пщIэ хуэзыщIыж адыгэлIущ.**

АР ЯЩЫЩЩ IуэхуфI куэд къызэзынэкIахэм, и гуащIэм хуэфащэ лъагъуэ мы гъащIэм щыпхызышахэм. Хъусен къикIуа гъуэгур и лъэпкъымрэ и хэкумрэ хьэлэлу зэрыхуэлэжьам и щапхъэщ. А псор иригушхуэу къыщыхагъэщырт Урысей Федерацэм и Дзэ-Тенджыз флотым и махуэм, бадзэуэгъуэм и 30-м, нэхъыжьыфIым иращIэкIа Iуэхугъуэ дахэм. Налшык паркым и гъэмахуэ театрым и лъабжьэкIэ, кхъухь теплъэ иIэу гуэлыбгъум щауха зыгъэпсэхупIэм, Хъусен и Iыхьлы-благъэхэр, и ныбжьэгъухэр, и къуажэгъухэр, ветеран, жылагъуэ организацэхэм я лIыкIуэхэр щызэхуэсат. Ахэр зэхыхьат нэхъыжьыфIым къикIуа гъуэгуанэ бгъуфIэм ириплъэжыну, и къекIуэкIыкIам щIэблэр щIагъэдэIуну, и гуащIэ хьэлэлым хуэфащэ пщIэ хуащIыну.

ЗэIущIэ гуапэр къызэIуаха нэужь, япэ псалъэр лъагъэсащ Хъусен и къуажэгъу, Дзэ-Тенджыз флотым илъэс куэдкIэ къулыкъу щызыщIа, япэ рангым и капитан Сокъур Башир. Абы и пэублэ псалъэм къыхигъэщащ Жылэм и гъащIэм флотым увыпIэ щхьэхуэ зэрыщиубыдыр, абы и нэгум щIэкIа гуауэм, и щхьэкIэ зыхуэза, къызэла псэзэпылъхьэпIэ бзаджэм и ужькIэ, щIэрыщIэу къалъхужауэ жыпIэ зэрыхъунур.

Сокъур Башир зи гугъу ищIыр 1955 гъэм жэпуэгъуэм и 29-м и жэщым псым щIилъэфа «Новороссийск» дзэ кхъухьым Хъусен псэууэ къызэрикIарт. Моряк куэд хэкIуэдащ а жэщым, я псэр яхуэхъумакъым, апхуэдэ Iэмал зимыIахэри мащIэтэкъым. Ауэ Жылэр къелащ, и насыпым къихьри, и къарур пэлъэщащ, ажалыр зытригъэкIуакъым. КъылъыкъуэкIа зэхэгъэкIыныгъэ гуащIэм зэрыпэщIэувэну къаруи дэнэ кърихат! А псэзэпылъхьэпIэ дакъикъэ хьэлъэхэр игу къыщыкIыжкIэ, нэхъыжьыфIыр йогупсыс: сыту IэфIыщэ мы гъащIэр, сытуи хьэху бзаджэ. Арат си натIэм кърихтхари, сыкъелащ. Абы нэхъыщхьэрэ нэхъ лъапIэрэ сыт щыIэ!

Хьэуэ, хэкIуадэ хъунутэкъым а жэщым Хъусен. И сабиигъуэ-къэжэпхъыгъуэ дыдэу Хэку зауэшхуэм и бэлыхьыр зыгъэва ныбжьыщIэм апхуэдэ ухыгъэ иIэн хуейтэкъым.

- Дыунагъуэшхуэт, зэрыбынитху дыхъурт. Колхозыр зэрызэхыхьэ лъандэри ди адэр пхъащIэу лажьэрти, и Iэм имыщI щыIэтэкъым. ТщIэн-тшхын дгъуэту дызэгурыIуэу зыдужьырти, къуажэдэсхэм щапхъэу драIэт. Зэкъуэшитхур унагъуэ Iуэхуми, еджэнми дыхунэсырт, ди адэанэм дращIэгъэкъуэнти, я гум дызэрыдыхьэным, арэзы зэрытщIыным дыхущIэкъурт. Ауэ фашист зэрыпхъуакIуэхэм ди мамыр гъащIэр къызэпаудри, бэлыхьым дыхадзат. Ди адэр зауэм тщхьэщичати, дэтхэнэ зыми хуэдэу, хуабжьу гугъу дехьырт. Нэмыцэхэр ди къуажэм къыщысари щрахужьэжари нобэ хуэдэу си нэгум щIэтщ. Ди насыпти, ди адэр хэкIуэдакъым, къыщигъэзэжа махуэм пхъэпсыр къиштэжри, псэухункIэ игъэтIылъакъым. Дэ жэмкIэ дывэрт, дысэрт, Iэпщэ къарукIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIэдгъэкIырт. Зауэ нэужьым зы шыпхъу къытхуалъхужати, ди нэди псэт. Апхуэдэурэ зыкъэдужьу хуожьэ, ди щхьэ Iуэху зетхуэжыф мэхъу, - игу къегъэкIыж а лъэхъэнэр Хъусен.

ЦIыхум илъэгъуа гуауэр щыгъупщэркъым. Жылэ Хъусени аращ - «Новороссийск» кхъухьым и кIуэдыкIар, зи щIалэгъуэ дахэу а насыпыншагъэм хэкIуэдахэр и нэгум щIэтщ.

Дзэм дашу мази 8-кIэ ирагъэджа нэужь, Тенджыз ФIыцIэ флотым и «Новороссийск» линкор цIэрыIуэм Хъусен къулыкъум щыпещэ. ЕтIуанэ статьям и старшина адыгэ щIалэр здагъэкIуар Генуе къалэм щащIа, «Чезаре Джулио» (Цезарь Юлий) цIэр зезыхьэу щыта кхъухьырт. Италием и Дзэ-Тенджыз флотыр зэгурыIуэныгъэкIэ щагуэшым, 1949 гъэм и мазаем ар СССР-м къылъысат. Жылэм фIыуэ ещIэж я линкорыр Севастополь кхъухь тедзапIэм щыува махуэр. Ар 1955 гъэм жэпуэгъуэм и 28-рт. Лъэсыдзэхэм ящыщу флотым хагъэхьэнухэр къыхахати, ахэр къащтэрт. Псори зэхэту «Новороссийск» кхъухьым цIыху минрэ щитхурэ ист. Жэпуэгъуэм и 29-м и жэщым, сыхьэтитIым и ныкъуэм, макъышхуэ ищIу кхъухьым и пэIу лъабжьэм зыгуэр къыщыуащ. Моряк фащэр щатIэгъэну хунэмысу, къащтагъащIэхэм я зэхуэдитIым щIигъур, я къулыкъум щыщIадза япэ махуэм хэкIуэдащ.

- Къэхъуар къэщIэгъуейт. ЯпэщIыкIэ чеиплIым ярыт бензиныр къэуа къытфIэщIащ. Командэ къыщатым, псори я постым хуопIащIэ, - къеIуэтэж Жылэм а дакъикъэ гузэвэгъуэхэм и нэгу щIэкIар.

Гъунэгъуу щыIэ кхъухьхэм, къэхъукъащIэхэм пэщIэтхэм, медицинэ гупхэм икIэщIыпIэкIэ хъыбар ирагъэщIауэ, ахэри къахуэпIащIэрт. И пэIур псым щIигъэнат, хъурзэ едзыхам линкорыр зэщIиIулIати, зэпащIэкIэ, псы Iуфэм е чэнжыпIэм яхуэшэнутэкъым. ЦIыхухэр кърагъэлыну яужь щихьар гуващ. Моряк миным щIигъу кхъухь кIапэм щызэтрихьат. Кхъуафэжьей цIыкIухэр линкорым есылIэрт, ауэ абыкIэ Iуашыну зыхунэсар мащIэщ.

- Си постыр псы щIагъым щыкIуэм, кубрикым соIэпхъуэ. Ари щыщIигъанэм, дивизионым и командир капитан-лейтенант Либерман зыхузогъазэ «сыт тщIэнур?» жысIэу. Асыхьэтым лъэныкъуабэ мэхъу, зэуэ мэуфэрэнкIри, дэ кхъухь лъабжьэм докIуэ. Абы дауэ сыкъыщIэкIами къысхуэгубзыгъыжыркъым, - мэщатэ Хъусен, и нэгу щIэкIахэм и гущIэм зэрызыдигъазэм гу лъыптэу.

Уэс цIынэ къесырт, псыр щIыIэт, а псом Жылэм и къарур щIихырт. Тенджыз Iуфэм къыхуеIэми, абы нэсыным иджыри куэд иIэт. И Iэ-и лъэр къемыдэIуэжыхэ щыхъум, щIыбкIэ тогъуалъхьэри, зегъэпсэху. «ЩIыIэм сиубыдыпэмэ, сщIэнур сыт?» - жиIэу щегупсысым кхъуафэжьейм и зекIуэ макъ къоIу. Абы исхэм гу къылъата е джэ макъыр зэхаха, сытми, и насыпти, къалъагъури, «Фрунзе» крейсерым яшэ, адэкIэ уIэгъэщым ягъэIэпхъуэ. Мазэм щIигъукIэ къыщеIэзащ Хъусен сымаджэщым. И узыншагъэр зэтеувэжа нэужь, и къулыкъум «Куйбышев» крейсерым щыпищащ.

- Гуауэшхуэ къыщыхъуа жэщым цIыху 600-м щIигъу, нэгъуэщIхэм 900-м нэс хэкIуэдауэ яIуатэ. Ауэ а бжыгъэр миным фIэмыкIыу си фIэщ хъуркъым, - жеIэ Жылэм икIи дыщIегъуж, - насыпыншагъэр къызыхэкIар иджыри нэгъэсауэ зэхэгъэкIа хъуакъым.

Дзэ къулыкъур кърихьэлIэу къигъэзэжа нэужь, IэщхэкIхэм я зехьэкIэм, гъэхьэзырыкIэм, къэгъэсэбэпыкIэм хуеджэри, Къэхъун, Аушыджэр, Жэмтхьэлэ къуажэхэм дэта гъэш заводхэмрэ цеххэмрэ илъэс плIыщIым щIигъукIэ емызэшу, дагъуэншэу, пщIэшхуэ пылъу щылэжьащ. Щыгъэмахуи щыщIымахуи, щыуэфIи щыуэлбани абы и зэранкIэ IэнатIэр щызэблэуа къэхъуакъым. Зи цIыху хэтыкIэкIэ, зи Iуэху зехьэкIэкIэ щытхъу къэзылэжьам пщIэ лей къилъыхъуэркъым. Сокъур Башир и хъуэхъум ар мызэ-мытIэу къыхигъэщащ икIи 1955 гъэм жэпуэгъуэм и 29-м тенджызым щIилъэфа «Новороссийск» дзэ кхъухьым иса морякхэм я фэеплъу къыдагъэкIа дамыгъэр нэхъыжьыфIым и бгъэм хилъхьащ, апхуэдэу флотым и офицерхэм зэрахьэ, къулыкъум къыхэжаныкIхэм ират хабзэ «кортик» къамэ кIэщIрэ адыгэ щIакIуэрэ тыгъэ хуищIащ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ДОСААФ-м и унафэщIым и къуэдзэ МацIыхъу Хъусенрэ къагъэлъэгъуащ зэIущIэр зытеухуа нэхъыжьыфIыр зэрыхэкулIыр, зэрыцIыху щыпкъэр, абы и лэжьэкIар, и Iуэху зехьэкIэу щытар дапщэщи зэрыщапхъэр, мы гъащIэм щыхузэфIэкIамрэ зыщыхунэсамрэ зэрыригушхуэр. Нобэ зэрыщытым хуэдэу жыджэру, бжьыфIэу иджыри илъэс куэдкIэ и щIэблэм яхэтыну ехъуэхъухэри, я IуэхущIапIэхэм я щIыхь тхылъхэр иратащ, фэеплъ тыгъэхэр хуащIащ.

И мамыр лэжьыгъэм, и гуащIэ хьэлэлым къыпэкIуэу фIыщIэ, щытхъу тхылъ куэд къыхуагъэфэщащ Жылэм. Апхуэдэу абы зэрехьэ «Урысей флотыр илъэс 300 ирокъу», «ТекIуэныгъэр илъэс 55-рэ ирокъу», «ТекIуэныгъэр илъэс 70 ирокъу» юбилей медалхэр.

Унагъуэ дахэм, насыпыфIэм и тхьэмадэщ Хъусен. И щхьэгъусэ Лусэрэ абырэ щIалитIрэ хъыджэбзищрэ зэдапIащ, гъуэгу захуэ трагъэхьащ. Я къуэрылъху-пхъурылъхуу, абыхэм къатепщIыкIыжауэ щIэблэ 20-м щIигъу яIэщи, ахэр я гурыфIыгъуэщ.

Зи дэтхэнэ махуэри IуэхуфIкIэ гъэнщIауэ къекIуэкI Жылэ Хъусен Хьэту и къуэр къызыхэкIа лъэпкъым, къэзылъхуахэм яхуэфащэу дунейм тетщи, хъуэпсапIэрэ мураду иIэхэр къехъулIэну ди гуапэщ.

**ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.**

# Ажалыр уи нэхэм къыщIэплъэм, МафIэсыр сыткIэ бгъэункIыфIын?


Даутокъуэ Хьэжмурат. *1917 гъэ*


Даутокъуэ зэшхэр: Хьэжмурат, Заурбэч, Хьэсэнбий. *1916 гъэ*

## Къэбэрдейм и щхьэхуитыныгъэм папщIэ

*Даутокъуэхэ я лъэпкъыр щыцIэрыIуэщ Къэбэрдейм и тхыдэм - Хьэжмурат, Заурбэч, Хьэсэнбий. Абыхэм я адэшхуэр Щхьэлыкъуэ дэкIри, Мэздэгу и Iэшэлъашэм щыпсэуащ, аращ къыщалъхуар зэшхэр - Луковскэ жылагъуэм. Щыми дзэм къулыкъу щащIащ, Къэбэрдейм и щхьэхуитыныгъэм щIэбэнурэ я гъащIэр ятащ.*

*Хьэжмуратрэ Заурбэчрэ усакIуэуи щытащ. Заурбэч и зы усэщ («Къэбэрдей») зэкIэ дызыщыгъуазэр. Хьэжмурат и усыгъэ нэхъыбэ къызэтенащ, щыгъуазэ фыдощI абыхэм (адыгэбзэкIэ зэзыдзэкIар Уэрэзей Афликщ).*

*Даутокъуэ Хьэжмурат (1876 - 1921) Урыс-япон зауэми Япэрей дунейпсо зауэми хэтащ, и лIыгъэм папщIэ орден лъапIэ куэд къыхуагъэфэщащ, полковник хъуауэ щытащ.*

**ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд,**
*Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.*

## Даутокъуэ Хьэжмурат и усэхэр

### ЛIыхъужьым и уэсят

*Си къуэш Заурбэч и фэеплъу*

Къысщыфт Iагъэ си адыгэ фащэр,
Си адыгэ къамэр къыскIэрыфщIэ,
Шытепхъуэ фIыцIэр теубгъуауэ си шыр,
Си кхъаблэм къыбгъурыту хуэму нафшэ.
Ныбжьэгъу пэжхэр щIэувэнщ
си кхъаблэм,
Зыхэсщ Iэу иджыри хэлъ къарур я Iэблэм.
Си кхъэ мащэм щIыр щытратхъуэжкIэ
Хъыбар къызагъэщIэнщ фочауэ макъкIэ.
ЗымащIэкIэ сэбэп сыхуэхъуу лъахэм
СыщызекIуамэ гъуэгуанэ къэскIуахэм,
Жагъуэгъухэм схуагъэIуахэр псалъэ
жагъуэу
Жьым ихьыжынущ ещхьу
пщэдджыжь пшагъуэм.

Индыл Iуфэ щызеуэ акъужьым
Ирепхъэнк Iыж гукъеуэм и лъэужьыр.
Я жьэр яфIиубыду фыгъуэнэдым,
Iунщ си лъагъуныгъэм и уэрэдыр.

### Зэман блэкIам и уэрэдхэр

1

Къысхуэгъуэтыжкъым дэрэжэгъуэр,
Мэужьых гуфIэгъуэм и пшыналъэр,
ХэкIыпIэ гуэри имылъагъуу,
Ехузыр гур гупсысэ хьэлъэм.

Зауэм и мафIэ къызэщIэплъэм
ГуфIэгъуэ джэгу хэпщIыкIыфын,
Ажалыр уи нэхэм къыщIэплъэм,
МафIэсыр сыткIэ бгъэункIыфIын?

Си ныбжьэгъу пэжхэм, си хэкуэгъухэм
Зэрахьэ лIыгъэ махуэ къэс;
Зы зауэм къыхэкIам и Iугъуэм,
ЕтIуанэ зауэр занщIэу къос;

Зэроубыдыжри, зылI и быну,
Бийм йобгъэрыкIуэ мывэ блыну.
Зауэр хуэкIуам IэпщэрыбанэМ,
МыIуэтэщIынщ къакъуэкI хахуагъэр,





Хэмыщ Iу зы, абы я лIыгъэр
СIуэтэжыфынкIэ сщIыркъым гугъэ.

Хэку хуитыныгъэм гъащIэр щIату
ЗэуапIэм итхэр тхьэпэлъытэу
Дэ къыдитащи ди Щыгу итым,
Дисыжщ ди хэкум дыщхьэхуиту!

2.

Зы лъы IэмпIэ къыщIэнэжыхункIэ
ЗауэлIым ихъумэнущ и щIыналъэр,
КъаукIахэм я кхъащхьэм IуплъэхункIэ,
Я лIыгъэм пищэну иту псалъэ.

Адэжь щIыналъэм, лъахэ игъафIэм
Бийр къытеуауэ хэкур къыщыджэм,
ЩIымахуэ уаи, зауэм и мафIи
КъагъэувыIэфкъым лIы къэмыланджэр.

Зэрихьа лIыгъэр телъу и напщIэм,
И щхьэр Iэтауэ темыт ар гъуэгум,
ЩегъэпщкIужыфри гуауэр гу лъащIэм,
Уигъэлъагъунукъым, уиплъакIэ нэгум.

### Си Хэкум

*Кавказым щыпсэу си лъахэгъухэм яхузотх*

Си ныбжьэгъуфIхэ, си Iыхьлыхэ,
Сыволъэ Iу ауан сыкъэвмыщIыну -
Хъуа, мыхъуами ,усэ суцIырхъахэр
Сытегушхуащи, фэ ныфхуезгъэхьыну.

Карпат бгыжьхэм сыщIэсщ я жьэгъум,
Срагъусэу ди зауэлI ныбжьэгъухэм,
Бийхэр къыщыттеуэкIэ зэуэну,
ДапэщIэувэу псори зылI и быну.

Къуршыбгъэм хуэдэу бийхэм
дащхьэщыхьэу,
Дымыгъэпуду нэхъыжьхэм я щIыхьыр,
Дышу пашэщ зауэм дыщыIухьэм,
Догъабзэ джатэр, текIуэныгъэр къэтхьу.

ИкIи сыт щыгъуи лъахэр къыдохъуэхъу:
- Тхьэразэ къыфхухъу! Тхьэразэ
къыфхухъу!

*Львов. 1914 гъэм жэпуэгъуэм и 17-м*

### Ныбжьэгъухэм уащыхыхьэжкIэ

*Франковский Владислав хузотх*

Къуэ гъуэщам, бын щхьэрыуам
ЩигъэзэжкIэ къыщалъхуа
пщIантIэжьым,
Ещхьу насыпышхуэр къащIэуам,
Къыпожьэр я нэхъыщIи, я нэхъыжьи.

Хэгъэгу Iэджи щIэзгъэплъащ си лъэгум,
ЗгъэкIыжащ стелъа си уIэгъэжьхэр,
Ауэ зэи щIэкIакъым си нэгум
Къуэш пэлъытэу сиIэ ныбжьэгъухэр.

Къысхуагъуэтащ си зекIуэ кIыхьыр,
ЩIэрыщIэу щIэздзэжащ
си сэлэт гъащIэм,
Лъагъуныгъэм и вагъуэр пщыхьэщхьэм
ЩIэрыщIэу къотIысхьэжыр
уафэ лъащIэм.

Къытхуоплъых а вагъуэр
гъуэгугъэлъагъуэу,
И нэхум къыдитыжу дэрэжэгъуэ.
Гуапагъэмрэ дахагъэмрэ зэщIыгъуу
Къытхуихьрэ, гъащIэр тхуищIу
нэхъ щIэщыгъуэ

Дыщихъумэжу жагъуэгъум и нэлатым,
Гуапэу игъаблэу ди гурыщIэр,
Уафэгум итрэ къытщхьэщыту,
Къытхуоблэ вагъуэр илъэсыщIэу.

*Львов. 1914 гъэ, жэпуэгъуэм и 15-м*



### ЦIыхубзым деж

*ЗауэлIхэр къэрагъэлын папщIэ зи гуащIи гъащIи емыблэжу зэуапIэ губгъуэм ит цIыхубз сестрахэм яхузотх*

Сыт тщIэн атIэ,
Нобэ псори гугъуехьнатIэщ:
УщIэплъэфынукъым зы унэ,
Удэплъэфынукъым зы щхьэгъубжэ,
Нэпс мыувыIэжхэм щIисыкIыу и нэр,
Щхьэжагъуэ гуэр щымыгъ-щымыбжэ.
Е анэщ ар, е шыпхъущ, нысащIэщ.

Зыщ псори Тхьэшхуэм зэреупщIыр:
«Къытхуэпхьыжыну ар узыншэу,
Е биишэм
КъыхигъэщIауэ хамэ губгъуэм
Къинауэ щIэлъ кхъащхьэ зеиншэм,
ХилъэфэжакIэу жей уахътыншэм?»
«ЩхьэлъащIэ, уигу умыухыж,
Ар къыпхуегъэкIукъым тхьэIухудым,
Аргуэру джатэр къыдохыж,
Бийм и псэр зауэм щIыIудуду.

Ныбжьэгъу хэщIахэм ялъ ящIэжу
КъокIуэкI хабзэжьу Iэджэ щIауэ.
ХэщIам я бжыгъэр дымыщIэжми,
Къэхъункъым хабзэ дымыщIауэ.

ДыкъыщаукIми зауэ гуащIэм,
Ди щIыб къыдэтхэри мымащIэ.

Къиувэжынщи ахэр ди пIэм,
Пащэнщ лIы хуэдэу ди лъэужьым.
Къыщымыланджэ зэуапIэм,
Нэгъуэщ I щIэхъуэпсыркъым
лIыхъужьыр.

Хэкум и напщIэу,
И ажалу бийм
Дитмэ зэуапIэм
ФIыщIэр фэращ зейр»

*Львов. Жэпуэгъуэм и 10, 1914 гъэ*

### Пасэрейм и джэ макъ

ГущIэгъулыныгъэм, лъагъуныгъэм я
вагъуэр
Сыт щыгъуи хуэдэу телъыджэщ, нагъуэщ.
Гупсэ дахагъэм и гъуэгугъэлъагъуэу
ИгъащIэ лъандэрэ дытетщ а лъагъуэм.

Ди губжьыр псэм щигъэужьыхыжу,
ДыщIигъэдэIуу и псалъэм Алыхьым,
ЛIэщIыгъуэхэм къахоIукIыжри,
Нэхъыжь чэнджэщхэр
къыткIэлъыщIохьэ.

*Львов. 1924 гъэ. Жэпуэгъуэм и 15*



### Ди шуудзэм и уэрэдыщIэ

Стародуб полкым и шууейхэ! Маржэ!
Къэсащ зэман дебгъэрыкIуэну,
Бий гущхьэм джатэр щыдгъэбзэну,
Нэмыцэм куэдрэ худогъэгъур
Ди гъащIэр къызэрагъэутхъуэр.
Ди командирыр зауэлI гуащIэщ,
И лIыгъэм щхьэкIэ хуэтщIу фIыщIэ,
Унафэу тхуищIым дахуэжыIэщIэщ:
«Ныбжьэгъухэ! Илъэс щитI нэблагъэ
Ди полкыр игъэлъагъуэу лIыгъэ,
Къимыгъэдзыхэу зауэ мафIэм,
ИIыгъщи уардэу и бэракъыр,
Щхьэр бийм щыхуигъэщхъа
къэхъуакъым;
Ди ныбжьэгъуфIхэу Воинов, Шеер,
Щышынэ ящIэркъым биишэм.
Кърихмэ джатэр Миклашевский,
щхьэщымыкIыу
Щолыд зэуапIэ губгъуэм
уафэхъуэпскIыр.
Дэтхэнэ зыри зауэныгуу
ЛIыхъужьщи, къикIыркъым уанэгум.
ЗыхащIэрт пасэм ди адэжьхэм
Зэрагъэсар я щIэблэр лIыхъужьхэу -
ТекIуэныгъэм, щIыхьым я бэракъыр
Кърагъэхьыфу фоч уэ макъым.
Збруч псы зэпрыкIыпIэм,
Нэмыцэ къэрэгъулхэр «щэхуу» IуапIэу,
Ди дзэм гъуэгур къыщыхуащIым хуит,
Урыс лIыгъэр бийм игъэунэхуат.
Бэзэрджыкъ и дамыгъэ жорыр
Ихьащ щхьэпылъапIэм ди мыжурэм -
Сэшхуи, фочи, бжыи, япэм хуэдэу,
Щыдогъабзэ зэуапIэ губгъуэм,
Майор Къаныкъуэм и ныбжь уардэр
Хэтщ ди сатырым ноби тщIыгъуу,
Сыт щыгъуи хуэдэу, дигъэгушхуэу,
Шынэным дыщигъэукIытэу,
ЛIыгъэм и ныпыр къыддиIэту.
«Е лIын, е лIэн!» - ди нэхъыжь псалъэм
Къару къыхилъхьэ защIэщ ди лъым.
Ди нэхъыжьхэм хаша лIыгъэ гъуэгум
Дытетщ щIыхьым хуэдгъэлажьэу ди гур.
Стародуб полкым и шууейр
Зыхуэдэр къедгъэщIащ нэмыцэ
дэпсэлъэрейм.
Шуудзэ сатырхэр зэкIэлъхьэужьу
ЙобгъэрыкIуэри нэмыцэ быдапIэм,
Къагъанэ защIэу сахуэ лъэужьхэр,
Щозауэр къуэкIыпIэм, щозауэ
къухьэпIэм.

ЛIэщIыгъуэ ныбжьым ит жыгейм
Хуэдэу Стародуб полкыр къуэпс быдэщ,
Щилъэгъуауэ куэдыкIей дунейм,
Хуаусауэ и лIыгъэм уэрэдхэр.

### Илъэсыщ Iэр - ди полкым

ДегъэгуфIэ мы жэщым, ныбжьэгъухэ,
ИкIи дегъэнэщхъейхэ!
Я гум къэкIауэ зэрыкIа унагъуэр,
Къызэхуосыж ди полкым и шууейхэр.
Мыбдеж шыгъупIастэр щынэхъ IэфIщ,
Хъуэхъубжьэр къыщаIэт нэхъ дахэу,
Къытхэмытыжуи жыдмыIэф
ЗауапIэ губгъуэм икIуэдахэр.

Нэпс гуащIэм нэхэр егъэпсыф,
КъокIыжри ди гум ягъэхъахэр.
Iумылым исея я кхъащхьэхэр
Щозэшыр губгъуэм,
Дэ илъэсыщIэр къидмыгъэхьэт,
ДызэщIымыгъуу зэш унагъуэу.
ЯхуэтIэтынущ ахэм хъуэхъур,
Я лIыгъэр мыхъуауэ лъэужьыншэ.
Шынагъэм я нэхэр къыщипхъуэу,
ЗыпыIуадзатэкъым биишэм.
ИкIи къысфIощIыр мы меданым
Абы я кхъащхьэр зэгуэкIыну,
КъыдэкIхэу щызэша я бэным,
Мы Iэнэм къыддетIысэкIыну.
ЛIыхъужьхэм я псэхэм, мыхыщIэу,
КъыддаIэтыну хъуэхъу фадэбжьэр.
КIуэдыжу бийм кърадза фэбжьыр,
Кърагъэхьэну илъэсыщIэр.
И псэр изагъэркъым кхъэ мащэм
ЛъыщIэж зэуапIэм кIуэну хуейм.
Шууейуэ ар хэтати гъащIэм,
Шууейуи ехыжащ дунейм.



### Шууей С-Ъ и Iуэхур

Шуудзэм и теуэр напIэзыпIэщ!
Нэхъыщхьэр утемыплъэкъукI,
Къэгъуэти гъуэгу пхуэхъуну кIуапIэр,
Шыщхьэмыгъазэу екъутэкI.

Карпат и бгыжьхэр яугъуейуэ
Джабэ задэм бийр къыщыкIэрыхьэм
Лъэрытемыту ди шууейхэр
ЗыIэзыбжьэу зауэм Iуохьэ.

ЙобгъэрыкIуэхэр дыгъужь нэщIауэ,
ИщIэжу хэти и къалэн,
Я сэшхуэ, бжыхэмкIэ хагъащIэ
Биидзэм лъэкIыркъым къелын.

Хэт илъэгъуа зэгуэр мыпхуэдэ?!
Пыпхэщхьэ фIахыу пхыкI нэхъей
Нэсахэщи биидзэм ику дыдэм,
Узыр ирату ягъэлъей.

ЩIопхъуэж биидзэ къэшынар,
ПфIэщIыну пхыж жыхьэнмэм.

КъокIыжыр дигу Бэрэздж быдапIэм
Ди адэжьхэу щызэуахэр лIыхъужьу.
Дыщихуэм дэри лIыгъэ щIапIэ,
Пытщэфащ абыхэм я Iэужьым.



### Стародуб шууейхэр Г. деж зэрыщебгъэрыкIуар

Ей шууей ахъырзэманхэу
ЗауэлI хъыжьэхэм я щIэблэ,
Фэ къывдалъагъур ди зэманми
ЛIэужьыр зэрыуэфыр бжьиблкIэ.

Гъунапкъэншэщи фи лIыгъэр,
Мэлыд хахуагъэм и уэздыгъэу,
Махуэ къэсыху гъуэгуанэ гугъухэм
Полкым и щIыхьыр щывгъэбагъуэу.

Иныжь губжьахэм я кIий макъым
Санэ аузым къыщыгъуагъуэр
Шуудзэм пхешыр гъуэгу къургъакъым
Бий хьэдэкIэ гъэнщIа лъы лъагъуэр.

Бгым джэрпэджэжу зэпадзыжыр
Къырыщхьэхэм щхьэщагъэIукI
«маржэр!»
УIэгъэри къафIэмыIуэхуу
Шууейхэм бий лъэужьыр яхур.

ХэкIуэдахэм къыдоIэт я щIыхьыр,
Я лъыр тщIэжурэ ди сэшхуэр дгъабзэу,
Ахэр ихьэжынущ Тхьэм и пащхьэм -
ЗауэлI нэсрэ я напэр къабзэу.

Уеблэмэ ди Войнов лIыхъугур
Иропагэр абыхэм я зэфIэкIым,
Псэууэ къэнахэм къиплъэу ди нэгум,
ЛIыгъэ къыткъуэкIынур къриджыкIыу.



*Сурэтхэр Урысей Федерацэм и цIыхубэ художник* **Пащты Герман** *ищIащ.*

● Гъэмахуэ-2017






# «Кавказ»-м и хьэщIэ цIыкIухэр

**Ди республикэм и гъэмахуэ зыгъэпсэхупIэ нэхъыфIхэм, адэ-анэхэмрэ сабийхэмрэ ягу нэхъ дыхьэхэм ящыщщ «Кавказ» лагерыр.**





ЗЫГЪЭПСЭХУПIЭР Белэ Речкэ жылэрщ зыхуэзэр, щIыпIэ дахэщ, къабзэщ. ЗыгъэпсэхупIэм и хъуреягъри сабийхэр зыщIэлъ пэшхэри екIуу зэлъыIухащ.

Лагерым и хьэщIэхэр махуэм тхуэнейрэ ягъашхэ къэуат зыщIэлъ ерыскъыкIэ. НыбжьыщIэхэм ядэлажьэ гъэсакIуэхэр цIыкIухэм яхуэщабэщ, дэтхэнэ зыми и IэнатIэр тэмэму ирехьэкI. ЗыгъэпсэхупIэм къекIуалIэ сабийм я гукъыдэжыр къэIэтынымкIэ хузэфIэкI къигъанэркъым «Кавказ» санаторэм и унафэщI Къардэн Алик.

- Сабийхэри адэ-анэхэри арэзы щIыным хуэгъэпсащ ди лэжьыгъэр, етIуанэ гъуэгуи ныбжьыщIэ цIыкIухэм къытрагъэзэжын хуэдэу, - жеIэ Къардэн Алик. - Ар нэрылъагъу тщащI сабийхэр щыкIуэжкIэ къафIекIуэ нэпсхэм, адэ-анэхэм зыхыдагъэх псалъэ гуапэхэм. Къэралым къытхуигъэув хабзэхэр сыт и лъэныкъуэкIи зэрыдгъэзэщIэным дыхущIокъу, медицинэм и лэжьакIуэхэри жэщи махуи я IэнатIэм пэрытщ, зыхуей хуэзэу къызэгъэпэщащ цIыхухэм я шынагъуэншагъэр.

Лагерым щыIэхэм я ныбжьым теухуауэ джэгупIэхэри я мащIэкъым. Мы гъэм сабийуэ 2000-м нэсым зыщагъэпсэхуащ. Я ныбжькIэ илъэси 6-рэ никъуэм щегъэжьауэ илъэс 15-м нэсхэрщ лагерым щыIэхэр. Дэтхэнэ зы гупри абы махуэ 21-кIэ щыIэщ.

Ди республикэм и мызакъуэу лагерым мы гъэм зыщагъэпсэхуащ Ростов щIыналъэм, Къэрэшей-Шэрджэс, Ингуш, Къалмыкъ республикэхэм щыщ ныбжьыщIэхэм. Къэрэшей-Шэрджэсым къикIа сабий никъуэдыкъуэхэм я анэхэр я гъусэу лагерым щыIащ.

ЗыгъэпсэхупIэм къекIуалIэхэм я нэгу зыщрагъэужь паркхэм, кинотеатрхэм, зоопаркхэм яшэ, ди щIыналъэм и щIыпIэ дахэхэм зыщрагъэплъыхь, ирагъэцIыху. Сабийхэр хэтщ зэпеуэ гъэщIэгъуэнхэм - «Кавказым» и тхьэIухуд», «Кавказым» и щIалэ хахуэ», «ЗэфIэкI зиIэхэр къыдолъыхъуэ» жыхуиIэхэм, апхуэдэу къэфэнкIэ, уэрэд жыIэнкIэ зохьэзохуэ, спортым щынэхъ лъэщхэр щагъэнаIуэ.

Лагерым и лэжьыгъэр зэрекIуэкI щIыкIэм щIэхщIэхыурэ кIэлъоплъ къэпщытакIуэхэр, ди гуапэ зэрыхъунщи, абыхэм «Кавказ» зыгъэпсэхупIэм къэралым къигъэув хабзэхэр щагъэзащIэу къалъытэ.

*Тхыгъэри сурэтхэри зейр* **ТАБЫЩ Динарэщ**.

● Фэеплъ

# Псэ къабзэ зиIа ди Iэсият

**Мы илъэсым и мэлыжьыхь мазэм дунейм ехыжащ фIыуэ тлъагъуу, зи гупсысэкIэри Iуэху зехьэкIэри куэдым щапхъэ яхуэхъуу, псэ къабзэрэ гу зэIухарэ зиIэу дунейм тета Хьэмгъуокъу Iэсият Жантемыр и пхъур. Адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ щIапIыкIа, захуагъэмрэ пэжымрэ зи гъуазэу псэуа адыгэ бзылъхугъэ щыпкъэт Iэсият. Псэужамэ, абы и ныбжьыр нобэ илъэс 65-рэ ирикъунут...**



IЭСИЯТ Аруан щIыналъэм хыхьэ Псыгуэнсу къуажэм къыщалъхуащ. Жылэм дэт курыт школыр къиуха нэужь, ар сату Iуэхум хуеджащ, IэщIагъэ зригъэгъуэта нэужьи районым и потребкооперацэ IэнатIэм щылэжьащ. СатуущIэу щIэзыдза Iэсият хэлъ гудзакъэмрэ зыхищIэ жэуаплыныгъэмрэ нэрылъагъу щыхъум, япэщIыкIэ товароведу, иужькIэ хьэпшып хъумапIэм и унафэщIу илъэс куэдкIэ лэжьащ. Ар жыджэру хэтт зэгухьэныгъэм къызэригъэпэщ Iуэхухэм еплъыныгъэ е зэпеуэ ирехъу, икIи увыпIэфIхэр къыщихьырт. Зыпэрыт IэнатIэм апхуэдэу хьэлэлу зэрыщылажьэм папщIэ Хьэмгъуокъум мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщащ дамыгъэ лъапIэхэр, щытхъу, фIыщIэ тхылъхэр. Абыхэм ящыщщ «Совет потребкооперацэм и отличник» дамыгъэр, «Лэжьыгъэм и ветеран» медалыр, Къэбэлъкъпотребсоюзымрэ абы Аруан щIыналъэм щиIэ къудамэмрэ къабгъэдэкI щытхъу тхылъхэр, нэгъуэщIхэри.

ГъащIэм дызыщрихьэлIэ цIыху псори ди гум къинэркъым, тщымыгъупщэр зи дуней тетыкIэкIэ, зи Iуэху зехьэкIэкIэ щапхъэу щыта, псэ къабзагъэрэ гумащIагъэкIэ къытхэщу щытахэрщ. Апхуэдэт ди дежкIэ ди Iэсият, зи унагъуэм, зи къуитIымрэ зи къуэрылъху цIыкIуихымрэ гу ящызымыхуэу пасэу дунейм ехыжа бзылъхугъэ дахэр. Хуабжьу дызыхуэныкъуэ, иджыри ди гъусэ пэлъытэ Iэсият нэмысрэ пщIэуэ хэлъар тщыгъупщэнукъым. Абы и хьэлщэн дахэхэр гъуазэ яхуэхъунщ и фэеплъыр зыхъумэу и унагъуэм исхэм, зигу имыху и благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ, къыдэлэжьахэмрэ зыцIыхуу щытахэмрэ. АхърэткIэ гуфIауэ Тхьэм къыщIигъэкI.

**ЛIЫХЪУГУХЭ, БЕЦIЫКIУХЭ, МЕРХЭ**
*я унагъуэхэр. Аруан щIыналъэ*

● Налшык

# Гъэ еджэгъуэщIэм хуэхьэзырщ

**Налшык къалэ администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и департаментым къызэригъэпэща комиссэм къипщытащ ди къалащхьэм дэт курыт еджапIэхэр гъэ еджэгъуэщIэм зэрыхуагъэхьэзырар.**

КОМИССЭМ гулъытэ хуищIащ пэшхэр зехьа зэрыхъуам, мафIэс шынагъуэншагъэмкIэ Iэмэпсымэхэр зэрагъэувам. КъэпщытакIуэхэр арэзы техъуащ ялъэгъуам, зытешыныхьын сэкъат зыщIыпIи къыщагъуэтакъым. Абы къыхэкIыу, Налшык и курыт еджапIэхэмрэ абыхэм егъэщIылIа сабий садхэмрэ гъэ еджэгъуэщIэм хуэхьэзыру къилъытащ.

Комиссэм и лэжьыгъэм хэтащ егъэджэныгъэмкIэ къалэ департаментым, МЧС-м, МВД-м, «Урысей зэкъуэт» партым я лIыкIуэхэр.

**ШЭРЭДЖ Дисэ**.

● ТхылъыщIэ

# И лэжьыгъэр къызэщIэзыкъуэж

**КъБКъУ-м и егъэджакIуэ Мамхэгъ Астемыр «Заметки» проектым хыхьэу игъэхьэзыр тхылъхэм ящыщ зы иджыблагъэ къыщыдэкIащ «Принт Центр» тхылъ тедзапIэм.**




ПРОЕКТЫМ хыхьэ къыдэкIыгъуэхэм щызэхуэхьэсащ адыгэхэм я генеалогием и тхыдэм, республикэм и егъэджэныгъэ, щIэныгъэ лэжьакIуэ пашэхэм, щIыналъэм математикэ щIэныгъэм зэрызыщиужьым теухуа тхыгъэхэр. Псори зэхэту ахэр тхылъи 8 мэхъу, дэтхэнэри республикэм къыщыдэкI газет, журнал щхьэхуэхэм хухэхащ, ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа Iуэхугъуэхэм ятеухуауэ илъэс зэхуэмыдэхэм абыхэм къытехуа тхыгъэхэр щызэхуэхьэсауэ итщ.

Иджырей тхылъым, етIуанэ къыдэкIыгъуэм ихуащ «Адыгэ псалъэ» газетым 1993 - 2010 гъэхэм тета тхыгъэхэр. Тхылъыр Iыхьиплlу зэхэтщ. Япэ Iыхьищым хиубыдащ Мамхэгъым тхыдэм, цIыху щэджащэхэм, щIэныгъэлIхэм, егъэджакIуэхэм, ныбжьыщIэ зэчиифIэхэм ятеухуауэ итха тхыгъэхэр. Iыхьэ къэс гуэдзэн иIэщ, абдеж тхылъыр зи IэдакъэщIэкIым къыщехь зи гугъу ищIа Iуэхугъуэхэм ятеухуауэ нэгъуэщIхэм ятхахэр. Иужьрей Iыхьэм - «ГушыIэхэр» жыхуиIэм - математикхэми гушыIэр зэращIасэр къыхигъэщу, Астемыр езым зэхигъэувэжа хъыбаритI къыщеIуэтэж. «КъыдэкIыгъуэм ит тхыгъэхэм зыкIи гуэмыхьэу икIи «Адыгэ псалъэм» трамыдзауэ, гушыIэхэр я тегъэщIапIэу хъыбаритI хэдгъэхьащ тхылъым. Ди гугъэщ абыкIэ тхылъыр зэIыдмыгъэхьауэ, зыкъомми ахэр гъэщIэгъуэн ящыхъуну», - щетх абы теухуауэ хэзыгъэгъуазэм Мамхэгъым.

Псом хуэмыдэу гъэщIэгъуэнщ Астемыр тхыдэ напэкIуэцIхэр щыщIиплъыкIыж и тхыгъэхэр. Зи гугъу ищIыж Iуэхугъуэхэм я пэжыпIэр къигъэлъэгъуэн, абыхэм нэхъ куууэ щыгъуазэ дыхуищIын папщIэ, абы Налшык, Владикавказ, Ставрополь, Краснодар щыIэ дэфтэр хъумапIэхэм къыщигъуэта тхыгъэ куэд къигъэсэбэпащ.

«Тхылъыр хьэзыр хъуауэ, ауэ дунейм къытемыхьэу илъэситхум щIигъукIэ щылъащ. Шэч хэмылъу, а зэманым къриубыдэу абы ихуа язынкъуэ тхыгъэхэм зи гугъу щыщIа Iуэхугъуэ куэдым захъуэжащ. Ауэ тхылъым зэхъуэкIыныгъэ хэзмылъхьэжу, 2011 гъэм хьэзыр зэрыхъуам хуэдэу, къыдэзгъэкIащ», - жеIэ Мамхэгъ Астемыр.

Тхылъыр къыдэкIынымкIэ Мамхэгъым мылъкукIэ къыдэIэпыкъуащ Хьэтуей къуажэм щыщхэу Нало Залымджэрийрэ БищIо Залымхъанрэ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ**.

● Спорт хъыбархэр

## Тхэквондо

### Мысырым макIуэ

**Урысейм щыщ ныбжьыщIэхэм тхэквондомкIэ я командэ къыхэхам зыхуегъэхьэзыр Мысырым и Шарм-эль-Шейх къалэм мыгувэу щекIуэкIыну дунейпсо зэхьэзэхуэм.**

МОСКВА пэмыжыжьэ Бронницэхэр къалэм зыгъэсэныгъэхэр щезыгъэкIуэкIа гуп нэхъыщхьэм яхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщхэу Багъ Идар, Лий Амран, Яхненкэ Даниель сымэ.

Ахэр зэхьэзэхуэм хуегъэхьэзыр Урысейм щыщ ныбжьыщIэхэм тхэквондомкIэ я командэ къыхэхам и тренер адыгэ щIалэ Ахъмэт Амир.

**МЭЗКУУ Къанщобий**.

## Шахмат

### ФокIадэм Грознэ къалэр къапоплъэ

**Нэзрэн къалэм иджыблагъэ щекIуэкIащ Кавказ Ищхъэрэм псынщIэу шахмат джэгунымкIэ и кубокыр къэхьыным теухуа зэхьэзэхуэм и III Iыхьэр. Абы хэтащ КИФЩI-м и щIыналъэ псоми къикIа спортсмени 100-м щIигъу.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭ гугъум ещанэ увыпIэр къыщихьащ Налшык щыщ, шахматхэмкIэ спортым и мастер Козак Александр икIи Кубокым и кIэух зэIущIэм хэтыну Iэмал игъуэтащ.

КъищынэмыщIауэ, финал зэIущIэм саугъэт нэхъыщхьэм щыщIэбэнынущ налшыкдэсхэу Темыркъан Давидрэ Нэзрэн цIыхубзхэм я деж пашэныгъэр щызыубыда Щыхьмырзэ ФатIимэрэ.

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и Кубокыр къэхьыным теухуа зэпеуэм и кIэух зэIущIэхэм хэтынущ щIыналъэм и шахматист нэхъыфI 15. Финалыр Грознэ къалэм фокIадэм и кум щекIуэкIынущ.

**КЪЭХЪУН Бэч**.

## Мас-рестлинг

### Ди щIалэхэм я зэфIэкI лъагэ

**Ульяновск къалэм щекIуэкIащ СНГ-м хыхьэ къэралхэм я лъэпкъ спорт лIэужьыгъуэхэмрэ джэгукIэхэмрэ я I фестиваль. Абы щызэпеуащ СССР-м хэта къэралыгъуэхэм ящыщу пщIым къикIа спортсмен 800-м щIигъу.**

УРЫСЕЙМ мас-рестлингымкIэ и командэ къыхэхам хэта, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ щIалищми пашэныгъэр зыIэрагъэхьащ. Дыщэ медалхэр къахьащ Нэгъуей Астемыр, Къардэн Тимур, БищIо Алим сымэ.

Псори зэхэту зэрызэхьэзэхуа спорт лIэужьыгъуи 10-м ди къэралым и командэм япэ увыпIэр щиубыдащ. Абыхэм къахьащ дыщэ медалу 36-рэ, дыжьын медалу 17, жэзу 7.

**ЖЫЛАСЭ Замир**.

● Спортым и лIыхъужьхэр



**Алыдж-урым бэнэкIэмкIэ Олимп чемпион Къардэн Мурат**. *Сидней, 2000 гъэ*

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

### ДыгъуакIуэм зеумысыж

2017 гъэм шыщхьэуIум и 19-м уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм яубыдащ сом мини 10 и уасэ электрокIапсэ идыгъуауэ шэч зыхуащI, нэхъапэм суд зытращIыхьауэ щыта, илъэс 30 хъу бахъсэндэсыр. Шэч зыхуащIым илэжьамкIэ зиумысыжащ. Уголовнэ Iуэху къаIэтащ.

### Наркотикхэр къытрах

Мы гъэм шыщхьэуIум и 18-м Урысей МВД-м и «Аруан» къудамэм уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и IэнатIэм и лэжьакIуэхэм нэхъапэм суд зытращIыхьауэ щыта, илъэс 41-рэ хъу нарткъалэдэсыр къыщащым къыкъуахащ къэкIыгъэмэ къызыхих гуэр зэрылъ пакетрэ мэ къызыхих кхъуэщыныфэ-фIыцIафэ зэрыт птулъкIэрэ.

Экспертхэм зэрыжаIэмкIэ, пакетым илъащ грамм 97,4-рэ хъу марихуанэ наркотикхэкI, птулъкIэм гашиш дагъэу итащ грамми 103,7-рэ.

### Сом мин 17 и уасэ телефон

Дзэлыкъуэ щIыналъэм и полицейхэм сэтей къащIащ тыкуэным щыдыгъуар.

2017 гъэм шыщхьэуIум и 14-м Урысей МВД-м Дзэлыкъуэ районымкIэ и къудамэм зыхуигъэзащ Батэх къуажэм щыпсэу, илъэс 18 хъу пщащэм, Дзэлыкъуэкъуажэ дэт тыкуэнхэм ящыщ зым щылажьэр. Абы зэрыжиIамкIэ, а махуэм фIэкIуэдат сом мин 17 и уасэ и жып телефоныр.

Хабзэхъумэхэм дыгъуар къыщалъыхъуэм, шэч зыхуащIар яубыдащ. Ар Светловодскэ къуажэм щыпсэу цIыхубзщ, абы илэжьамкIэ зиумысыжащ.

Уголовнэ Iуэху къаIэтащ.

***КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-IуэхущIапIэ.***

● ФщIэн папщIэ

# Сом мелуани 4-м нэблагъэ

**Зэратх Iэмэпсымэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэр 2017 гъэм шыщхьэуIум и 11 - 17-хэм къриубыдэу 2022-рэ къызэпаудащ. Псори зэхэту къуэдыуэ тралъхьащ сом мелуан 12-рэ мин 293-рэ. А махуэхэм къриубыдэу сом мелуани 3-рэ мин 958-рэ, тралъхьам и процент 32,2-р, япшынащ.**

КЪУЭДЫР махуэ 60-м къриубыдэу япшын хъунущ. Абы фIагъэкIамэ, Iуэхур суд приставхэм Iэрагъэхьэнущ.

Административнэ къуэдыр хабзэм игъэува пIалъэм (УФ-м и КоАП-м и 20.25 статья) къриубыдэу ямыпшынмэ, ар хуэдитIкIэ ягъэбагъуэ е сыхьэт 50-кIэ цIыхур ягъэлажьэ.

Къуэдыр птелърэ-птемылърэ къыщыпщIэфынущ Урысейм и Къэрал автоинспекцэм и сайтым - www.gibdd.ru, мы телефонхэмкIэ: 8 (8662) 495-551, 495-586, 495-565.

**БАХЪСЭН Ланэ**.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд
Редколлегием хэтхэр:
**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта IуэхугъуэхэмIэ я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня,** *редактору* **ТекIужь Заретэ,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 3.490 ● Заказ №1060